



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DE SESYON ODYANS ADISYONÈL SOU MARIWANA KI REGILARIZE

*Sesyon Odyans Oktòb yo nan Konte Suffolk ak Westchester yo Ajoute sou 15  
Reyinyon Atravè Eta a Akoz Enterè Kominote a*

*Yo Te Òganize Sesyon Odyans yo pou Enfòmè Gwoup Travay Ki Ap Redije Pwojè  
Lwa a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te ajoute de sesyon odyans sou mariwana ki regilarize sou 15 reyinyon sa yo ke yo te anonse anvan yo ki ap òganize atravè Eta New York an Septanm ak Oktòb. Sesyon odyans adisyonèl yo, ke yo te ajoute akoz enterè kominote a, pral òganize nan dat 16 Oktòb 2018 nan Konte Suffolk, Long Island ak nan dat 17 Oktòb 2018 nan Konte Westchester. Detay espesifik yo sou inisyativ yo pou tout sesyon odyans ki gen pou vini yo kounye a disponib [la a](#).

“Pandan ke nou kòmanse ak pwosesis kreyasyon yon modèl pwogram mariwana ki regilarize, li enpòtan anpil pou nou rive atenn kominote yo atravè eta a nan objektif pou ka koute sa ke moun New York yo gen pou di”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Lè nou ajoute de sesyon odyans adisyonèl yo nan kalandriye nou, nou ka asire ke tout moun New York ki swete fè koute vwa yo gen opòtinite pou fè sa.”

Yo ap òganize disèt sesyon odyans atravè Eta New York nan lokal nou pral site la yo: Albany, Glens Falls, Bronx, Manhattan, Queens, Brooklyn, Staten Island, Long Island (youn ki nan Konte Nassau ak youn ki nan Konte Suffolk), Konte Westchester, Newburgh, Binghamton, Buffalo, Rochester, Syracuse, Utica ak Watertown. Sesyon odyans yo te kòmanse nan dat 5 Septanm epi yo pral konplete apati mi-Oktòb. Yo te òganize sesyon odyans yo nan aswè epi yo ouvri pou piblik lan. Yo ankouraje moun yo anrejistre alavans pou ka akomode tout moun ki planifye patisipe yo.

Dat ak lokal pou sesyon ki gen pou vini yo anba la a:

Lendi 24 Septanm - Queens  
Madi 25 Septanm - Brooklyn  
Mèkredi 26 Septanm - Staten Island  
Jedi 27 Septanm - Long Island (Konte Nassau)  
Lendi 1 Oktòb - Newburgh

Madi 2 Oktòb - Binghamton  
Mèkredi 3 Oktòb - Buffalo  
Jedi 4 Oktòb - Rochester  
Madi 9 Oktòb - Syracuse  
Mèkredi 10 Oktòb - Utica  
Jedi 11 Oktòb - Watertown  
Madi 16 Oktòb - Long Island (Konte Suffolk)  
Mèkredi 17 Oktòb – Konte Westchester

An Janvyè, Gouvènè Cuomo te komisyonè yon etid ant divès ajans, ki dirije pa Depatman Sante a (Department of Health), pou evalye enpak yon pwogram mariwana ki regilarize nan Eta New York. [Evaluasyon Enpak Potansyèl Mariwana ki Regilarize nan Eta New York lan \(Assessment of the Potential Impact of Regulated Marijuana in New York State\)](#), ke yo te bay Gouvènè a an Jiyè, te dekouvri ke enpak pozitif yon mache mariwana ki regilarize nan Eta New York yo depase aspè negatif potansyèl yo, epi ke yo ka redwi domèn ki ka yon koz enkyetid yo gras a règleman ak izaj apwopriye edikasyon piblik ki adapte pou abòde popilasyon kle yo.

Aprè revizyon etid lan, Gouvènè a [te anonse](#) kreyasyon yon Gwoup Travay sou Mariwana ki Regilarize (Regulated Marijuana Workgroup) pou bay Eta a konsèy sou apwòch lejislatif ak regilatwa yo ki nesèsè pou pwoteje sekirite piblik, bay pwoteksyon pou konsomatè, asire sekirite piblik, abòde pwoblèm jistis sosyal yo epi kapte epi investi revni fiskal yo. Gwoup Travay lan, ki gen ladan ekspè sou sijè ki konsène a ki soti toupatou nan Eta a ansanm ak reprezantan gouvènmantal yo pou sante piblik, sante mantal, itilizasyon sibstans, fiskalite ak finans, fòs lapolis ak sekirite piblik yo, pral revize opinyon ke yo te resevwa nan sesyon odyans yo nan kad pwosesis sa a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)